

KONNEN DWA OU YO

Transparans Nan Salè

OFCCP Fè Li San Danje Pou Moun Poze Kesyon, Diskite, ak Divilge Salè yo

1. Kisa diskriminasyon yo fè nan travay lè mwen poze kesyon, diskite, oswa divilge salè mwen oswa pa lòt anplwaye?

Sa a se yon kalite diskriminasyon jeneralman ki egziste kote yon anplwayè aji yon fason negatif kont anplwaye oswa aplikan travay paske li poze kesyon, diskite, oswa divilge pwòp konpansasyon li oswa konpansasyon lòt anplwaye oswa aplikan. Yon egzanp se yon patwon ki revoke yon anplwaye paske li diskite salè l ak yon lòt anplwaye. Yon lòt egzanp se yon anplwayè ki diminye lè travay yon anplwaye paske li te mande kòlèg travay li enfòmasyon sou pousantaj yo peye li pou lè siplemantè.

2. Ki dwa mwe genyen?

Anba Dekrè Egzekitif 11246 la, ou gen dwa pou mande enfòmasyon, diskite sou, oswa divilge pwòp salè ou oswa pa lòt anplwaye oswa aplikan. Yo p ap kapab disipline, agrese, ba ou yon travay pi ba, revoke w, refize ba ou travay, oswa fè okenn lòt diskriminasyon kont ou paske ou egzèse dwa sa a. Sepandan, dwa sa a gen sèten eksepsyon limite.

3. Èske kontraktè pa gen dwa gen reglemen sekre sou salè fòmèl ak enfòmèl?

Wi. Jeneralman yo entèdi kontraktè yo gen regleman ki entèdi oswa gen tandans limite anplwaye oswa aplikan travay yo diskite oswa divilge salè yo oswa salè lòt moun. Pa egzanp, yo t ap konsidere regleman yon kontraktè ki entèdi anplwaye yo pale youn ak lòt konsènan boni yon vyolasyon, paske li entèdi anplwaye yo diskite konpansasyon yo.

4. Ki sa ki konsidere kòm salè?

Jeneralman salè refere a nenpòt peman yo bay yon anplwaye, oswa sou non yon anplwaye, oswa yo ofri bay yon aplikan. Sa a gen ladan salè, peman pou travay siplemantè, diferans nan peryòd travay, boni, komisyon, peman pou vakans oswa jou konje, alokasyon, asirans, ak lòt avantaj, opsyon ak prim pou aksyon, pataj nan benefis, retrèt, ak plis toujou.

5. Èske pwoteksyon an gen defans oswa eksepsyon pou anplwayè?

Wi. Lòd Egzekitif la bay kontraktè yo de fason pou jistifye oswa defann aksyon yo pran ki te kapab konsidere kòm diskriminasyon oswa entèdi: defans "fonksyon travay esansyèl" la, ak jeneral la, oswa defans "règ espas travay" la.

6. Ki sa "fonksyon travay esansyèl" yo yo anba Dekrè Egzekitif la?

Tèm "fonksyon travay esansyèl" la vle di devwa yo travay fondamantal nan pozisyon travay yon moun genyen. Yo kapab konsidere yon fonksyon travay ensansyèl si:

- ksè nan kantite lajan yo peye bay anplwaye a oswa yo ofri bay aplikan, estrikti salè ak etid mache ki gen rapò salè ak règleman ki gen rapò ak estrikti oswa chanjman nan salè anplwaye ki nesèsè pou pèfòmè fonksyon oswa yon lòt travay biznis regilyèman yo ayisyen pa woutin; oswa
- Fonksyon an oswa devwa pozisyon an gen ladan pwoteje ak mentni enfòmasyon prive nan dosye pèsone anplwaye, ki gen ladan kantite lajan ak kalite salè yo peye anplwaye yo, estrikti salè, etid mache ki gen rapò ak salè, ak règleman ki gen rapò ak estrikti oswa chanjman nan salè anplwaye.



7. Kisa defans “fonksyon travay esansyèl” la ye?

Anba defans “fonksyon travay esansyèl” la, yon kontraktè ka defann kont yon reklamasyon diskriminasyon lè yo montre li te aji yon fason negatif kont yon anplwaye paske anplwaye a (a) te gen aksè nan enfòmasyon sou konpansasyon lòt anplwaye oswa aplikan kòm yon pati nan travay li oswa travay esansyèl ak (b) te divilge enfòmasyon konpansasyon bay moun ki pa t ap gen aksè si li pa te bay li.

Sepandan, menm anplwaye ki gen aksè nan enfòmasyon konpansasyon kòm yon pati nan fonksyon travay esansyèl yo ka diskite, divilge, oswa mande enfòmasyon sou konpansasyon nan kèk ka. Pa egzanp, yo kapab:

- Diskite oswa divilge salè moun kap aplike oswa anplwaye k ap reponn yon plent fòmèl oswa akizasyon; kòm yon pati yon ankèt, pwosedi, odyans, oswa aksyon, ki gen ladan yon ankèt anplwayè a ap fè; oswa nan akò ak devwa legal kontraktè a gen pou bay enfòmasyon.
- Diskite pwòp salè yo ak lòt anplwaye yo.
- Diskite sou diferans nan salè posib ki enplike lòt anplwaye ak ofisyèl jesyon konpayi kontraktè a oswa pandan y ap itilize pwosesis plent entèn kontraktè a.
- Diskite oswa divilge kantite lajan oswa kalite salè lòt aplikan oswa anplwaye selon enfòmasyon yo resevwa nan lòt mwayen apa aksè yo te jwennnan fonksyon esansyèl travay yo.

8. Kisa defans “règ espas travay” la ye?

Anba defans “règ espas travay” la, yon kontraktè ka defann kont yon reklamasyon diskriminasyon si li montre li aji yon fason negatif kont yon anplwaye pou vyolasyon yon règ konpayi a tout moun sipoze toujou respekte. Règ la pa dwe entèdi, oswa yo gen tandans entèdi, anplwaye oswa aplikan diskite oswa divilge konpansasyon yo oswa pa kolèg travay yo oswa aplikan travay. Kèk egzanp “règ espas travay” la ka gen ladan règ sou fason pou itilize konje ak dire poz travay.

9. Èske anplwayè mwen bezwen di m kisa lòt anplwaye yo touche?

Non. Dekrè Egzekitif 11246 pa mande pou anplwayè pou li bay anplwaye oswa aplikan travay enfòmasyon sou salè lòt anplwaye oswa aplikan.

10. Kimoun OFCCP pwoteje?

OFCCP pwoteje dwa anplwaye ak moun k ap mande travay nan konpayi k ap fè biznis ak Gouvènman Federal la. Sa a gen ladan anplwaye nan bank, konpayi enfòmasyon teknoloji, izin kote yo trete vann, magazen an detay, izin fabrikasyon, konpayi kontablite, ak konpayi konstriksyon, ak plis toujou.

Jan Pou Depoze Yon Plent

11. Ki sa mwen ka fè si mwen kwè anplwayè mwen fè diskriminasyon kont mwen paske mwen te poze kesyon, diskite, oswa divilge salè mwen oswa pa lòt anplwaye oswa aplikan?

Ou ka depoze yon plent avèk OFCCP. Ou pa bezwen konnen ak sètitud anplwayè ou a se yon kontraktè federal oswa sou-kontraktè pou pote yon plent.

12. Kijan pou mwen fè pou mwen depoze yon plent ak OFCCP?

Pou depoze yon plent diskriminasyon, ou kapab:

- Ranpli yon fòm sou sitwèb OFCCP a epi soumèt li sou entènèt;
- Ranpli yon fòm an pèsòn nan biwo OFCCP a; oswa
- Poste, imèl, oswa fakse yon fòm ranpli bay biwo OFCCP rejyonal ki kouvri koet diskriminasyon w ap akize a te fèt la.

Fòm sa a disponib sou entènèt nan <http://www.dol.gov/ofccp/regs/compliance/pdf/pdfstart.htm> oswa sou papyè nan tout biwo OFCCP yo. Pou jwenn biwo ki pi pre ou la, vizite lis sou entènèt biwo OFCCP yo nan <http://www.dol.gov/ofccp/contacts/ofnation2.htm>.

Ou dwe sonje yo fòm plent ou ranpli a. Si ou pa fè sa, OFCCP ap toujou pran plent ou a, men yon anketè OFCCP pral mande w siyen fòm nan pandan yon entèvyou pou fè swit. Nou dwe depoze plent konsènan diskriminasyon paske ou diskite, divilge, oswa poze kesyon sou salè yo nan 180 jou apre dat diskriminasyon w ap akize a, amwenske yo pwolonje delè a pou yon bon koz. Men delè 180 jou a aplike pou plent k ap akize diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, relijyon, sèks, oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, oswa orijin nasyonal.

13. Èske anplwayè mwen kapab revoke mwen, mete mwen nan yon pozisyon pi ba, oswa trete mwen mal paske mwen te depoze yon plent?

Non. Li ilegal pou anplwayè ou pran vanjans kont ou poutèt ou pote yon plent oubyen patisipe nan yon ankèt. Règleman OFCCP yo pwoteje ou kont arasman, entimidasyon, menas, presyon, oswa vanjans pou revandike dwa ou yo.

14. Èske mwen ka pote yon plent avèk OFCCP ak Komisyon Opòtinite Travay Egal-Ego / Equal Employment Opportunity Commission (EEOC)?

Wi, si ou depoze plent la ak OFCCP ak EEOC ajans ki apwopriye a ap mennen yon ankèt sou plent ou a. Nan kèk ka, OFCCP ak EEOC ka deside pou travay ansanm pou mennen ankèt sou plent ou a.

Jeneralman OFCCP kenbe plent ki fèt kont kontraktè federal ki akize diskriminasyon yo fè kont moun paske yo te diskite, divilge, oswa poze kesyon ou salè. Epitou jeneralman OFCCP kenbe plent ki fèt kont kontraktè federal kote sanble yo gen abitit ap diskriminasyon ki afekte yon gwoup anplwaye oswa aplikan, ak moun ki akize diskriminasyon ki baze sou oryantasyon seksyèl oswa idantite seksyèl yon moun, andikap, oswa estati veteran pwoteje.

15. Kisa ki pral pase si yo twouve mwen te yon viktim diskriminasyon nan travay?

Ou ka gen dwa pou jwenn yon reparasyon ki mete ou nan yon pozisyon ou te dwe ye a si diskriminasyon an pa janm te pase. Ou ka gen dwa pou ba ou travay la, ba ou prwomosyon, rebwa ou travay ou, oswa transfere ou. Epi tou ou kapab gen dwa pou resevwa lajan ou te sipoze touche avan, apre, yon ogmantasyon, oswa yon meanl reparasyon sa yo. Anplis, si OFCCP jwenn ta twouve kontraktè federal oswa sou kontraktè a te fè diskriminasyon, OFCCP fè yon jan pou yo entèdi oswa retire konpayi a pou konsiderasyon pou kontra federal pi devan oswa fè modifikasyon oswa anile kontra li genyen kounye a.

Pou plis enfòmasyon:
THE U.S. DEPARTMENT OF LABOR
Office of Federal Contract Compliance Programs
200 Constitution Avenue, NW
Washington, D.C. 20210
1-800-397-6251
TTY: 1-877-889-5627
www.dol.gov/ofccp

Tanpri note fèy enfòmasyon sa a bay enfòmasyon jeneral. Nou pa te kreye li ak entansyon ranplase lwa ki egziste ak règleman konsènan pwogramki dekri nan dokiman sa a.